

Kisa Prematènèl Inivèsèl (Universal Prekindergarten)(UPK) la ye?


Nan Eta New York, pre-matènèl (prekindergarten) vini nan plizyè fòm. Prematènèl Inivèsèl (Universal Prekindergarten), oswa UPK, se yon pwogram prematènèl yo ofri fanmi yo gratis ki finanse pa leta ak federal, men li pa garanti ke chak timoun ap gen aksè.

Èske pitit mwen an gen dwa pou resevwa sèvis UPK?

Non. Malgre ke UPK vle di " prematènèl inivèsèl (universal prekindergarten)," nan Eta New York, prematènèl pa disponib pou tout fanmi nan tout distri lekòl yo nan moman sa a. Se yon objektif Eta New York ap travay pou li.

Kilè pitit mwen an ka ale nan prematènèl?

Tou depan de distri



Si m chwazi pou m pa enskri pitit mwen nan UPK ane sa a, èske y ap kapab patisipe ane pwochèn?

Non, paske yo t ap kalifye pou antre nan matènèl nan pwochèn ane lekòl la. Sepandan, fanmi yo ka voye pitit yo nan yon pwogram prematènèl apre yo fin ale nan UPK oswa apre yo fin resevwa enstriksyon lakay yo.

Èske yo pral teste pitit mwen an anvan li ale nan UPK?

Wi, kòm nouvo elèv, kèlkeswa laj oswa nivo klas yo, yo oblige fè tès depistaj lè yo antre nan distri lekòl la. Depistaj bay pwofesè yo enfòmasyon ki gen anpil valè sou lang lakay chak timoun, enterè endividyal yo, fòs ak bezwen yo.

Ptit mwen an ka bezwen pwogram oswa sèvis edikasyon espesyal nan lekòl matènèl, èske yo ka bay sa yo nan yon pwogram UPK?

Wi, distri lekòl yo responsab pou bay sèvis ak pwogram edikasyon espesyal nan anviwonman ki gen mwens restriksyon. Komite edikasyon espesyal distri lekòl ou a ap travay avèk ou pou idantifye kijan ko kapab adrese bi ak objektif pwogram edikasyon endividyaliz (individualized education program)